MASSACHUSETTS
Department of
Early Education and Care

Maura Healey
GOVERNOR
Kim Driscoll
LIEUTENANT GOVERNOR

Stephen Zrike
SECRETARY
Amy Kershaw
COMMISSIONER

AVI SOU POLITIK LA

Tit: Konsolidasyon politik pwovizwa ak divilgasyon MyChildCareMA

Nimewo politik la : CCFA-26-04

Dat piblikasyon : 6 me 2026

Dat antre an vigè : 6 me 2024

Lyen politik la : [Pwogram asistans finansye pou swen timoun : Politik elijiblite sou revni]
[Pwogram asistans finansye pou swen timoun : Depatman politik ki gen rapò ak asistans pou tranzisyon]
[Pwogram asistans finansye pou swen timoun : Depatman politik ki gen rapò ak timoun yo ak fanmi yo]
[Pwogram asistans finansye pou swen timoun : Pwosedi lis datant yo]

APÈSI

Depatman edikasyon ak swen timoun piti Massachusetts (EEC) kontinye modènize pwogram Asistans finansye pou swen timoun (CCFA) nan Commonwealth la epi li fyè pou l anonse lansman MyChildCareMA **,** yon nouvo pòtal dijital ak sistèm jesyon ka yo.

Apati 6 me 2026, fanmi k ap aplike pou asistans finansye pou swen timoun yo dwe aplike nan itilize nouvo pòtal la. Anplis, Administratè aksè fanmi yo (FAAs) p ap itilize sistèm lis datant aktyèl la ankò, KinderWait, epi kounye a li pral itilize MyChildCareMA pou jere tout aplikasyon ak òf finansman lis datant yo.

Pou sipòte chanjman sa a, nou te mete ajou politik CCFA nou yo epi ekri nouvo pwosedi pou koresponn ak fonksyonalite nouvo sistèm lan. Nou te bay fòmasyon sou politik ak sistèm lan nan mwa avril 2026 la pou ede FAA yo prepare pou tranzisyon sa a.

EEC te konbine tou Politik pwoviswa asistans finansye pou swen timoun 2023 a ak chanjman politik ki te pibliye apre 1ye oktòb 2023 nan twa (3) dokiman sa yo :

- Pwogram asistans finansye pou swen timoun : Politik elijiblite sou revni

- Pwogram asistans finansye pou swen timoun : Depatman politik ki gen rapò ak asistans pou tranzisyon
- Pwogram asistans finansye pou swen timoun : Depatman politik ki gen rapò ak timoun yo ak fanmi yo

Konsolidasyon sa a vle di tout mizajou politik ki gen rapò ak CCFA ki pibliye atravè avi sou politik la depi oktòb 2023 yo entegre konplètman entegre nan dokiman sa yo kounye a. Dokiman politik sa yo dwe itilize pou jwenn enfòmasyon sou tout politik ki mete ajou depi 1ye oktòb 2023.

APLIKABILITE

Avi sa a bay konsèy pou fanmi k ap aplike oswa k ap resevwa Asistans finansye pou swen timoun (CCFA) ak Administratè aksè pou fanmi yo (FAAs) k ap ede fanmi yo aplike epi jere CCFA.

MIZAJOU KLE YO

PÒTAL MYCHILDCAREMA :

Premye piblikasyon pòtal la entwodui plizyè fonksyonalite kle pou amelyore eksperyans alafwa pou fanmi yo anplwaye yo :

- **Aplike poukont ou :** fanmi yo kapab kounye a ranpli yon aplikasyon pou lis datant santralize MA a pou asistans finansye pou swen timoun atravè MyChildCareMA, nouvo aplikasyon EEC ak pòtal jesyon lis datant sou platfòm sèvis leta MyMassGov.
- **Jesyon lis datant :** Administratè aksè fanmi yo pral itilize kote administratif pòtal la pou ede fanmi yo aplike, jere fanmi yo sou lis datant la, epi ofri finansman.
- **Eksperyans lis datant dijital :** fanmi yo pral bay enfòmasyon sou fwaye yo, telechaje dokiman pou verifye elijiblite yo, epi resevwa avi dirèkteman atravè pòtal la.
- **Migrasyon done eritaj yo :** Nou deja retire enfòmasyon pou fanmi yo ki te sou lis datant la nan KinderWait epi mete nan nouvo sistèm MyChildCareMA a, pandan nou konsève dat aplikasyon orijinal yo ak ansyènte yo.

PWOGRAM ASISTANS FINANSYE POU SEN TIMOUN : PWOSEDI LIS DATANT YO

Pou sipòte tranzisyon an nan nouvo sistèm lan ak politik yo, EEC pibliye konsèy sou pwosedi sa yo pou FAA yo :

- **Gid pwosedi lis datant operasyonèl :** Bay enstriksyon ak atant klè « kòman pou » pou sipòte FAA yo nan aplikasyon nouvo politik lis datant yo nan travay chak jou yo.
- **Manyèl Itilizatè MyChildCareMA :** Bay enstriksyon teknik, etap pa etap pou navige nan pòtal la epi jere ka yo nan sistèm lan.

- **Sipò pou fòmasyon :** Gen ladan aksè a videyo oto-fòmasyon nan pwòp ritm ou ak materyèl sistèm-piblikasyon yo pou ede avèk lansman me 2026 la.

PWOGRAM ASISTANS FINANSYE POU SWEN TIMOUN : POLITIK ELIJIB DCF AK DTA

DOKIMAN POLITIK PWOGRAM ASISTANS FINANSYE POU SWEN TIMOUN
EEC te mete ajou epi konsolide manyèl politik yo pou twa tip pwogram CCFA yo : pwogram moun ki gen revni elijib yo, sa ki gen rapò ak Depatman asistans tranzisyonèl la (DTA), ak sa ki gen rapò ak Depatman timoun ak fanmi yo (DCF). Chak dokiman baze sou politik pwovizwa 2023 respektif yo epi entegre tout chanjman politik ki vin apre yo ki pibliye atravè avi politik yo, ansanm ak klarifikasyon ki pataje pandan fòmasyon 2025 yo.

Politik elijiblite selon revni
Anplis entegrasyon tout mizajou politik yo, dokiman politik elijiblite selon revni an gen ladan mizajou enpòtan nan jesyon lis datant yo :

- « Elijiblite soup la » siprime. Fanmi yo dwe verifye kounye si yo gen chans pou yo elijib nan bay prèv idantite, rezidans nan Massachusetts, ak tout revni brit fwaye a.
- Politik nan afè soumisyon aplikasyon, revizyon aplikasyon, ak jesyon lis datant yo te mete ajou.
- Seksyon sa a entwodui yon nouvo fòma ki plis adapte pou fanmi yo, ki fèt pou rann politik yo pi fasil pou fanmi yo konprann epi sèvi kòm modèl pou dokiman politik yo alavni.

Mizajou politik ki nan dokiman yo
Dokiman politik konsolide yo reflete mizajou ki soti nan piblikasyon politik sa yo, jan sa aplikab pou chak tip pwogram. Dokiman konsèy sou politik ki endike anba yo pa itilize kounye a.

- *Politik asistans finansye pou swen timoun sou baz Revni pwovizwa - (an vigè 1ye oktòb 2023*
- *Politik pwogram asistans finansye pou swen timoun ki gen rapò ak DTA Pwovizwa - (an vigè 1ye oktòb 2023)*
- *Politik pwovizwa pwogram asistans finansye pou swen timoun* ki gen rapò ak DCF (an vigè apati 1ye oktòb 2023)
- *Avi sou politik la – CCFA-25-0 - elijiblite sou baz revni pwovizwa, Depatman timoun ak fanmi yo (DCF), ak Depatman asistans tranzisyonèl la (DTA) Politik asistans finansye pou swen timoun* (an vigè 30 avril 2024)
- *Avi sou politik la – CCFA-25-03 - Elijiblite sou baz revni ak Depatman asistans tranzisyonèl la (DTA) Politik asistans finansye pou swen timoun* (an vigè 1ye avril 2025)
- *Avi sou politik la - CCFA-26-01 - Politik asistans finansye pou swen timoun Elijiblite sou baz revni pwovizwa* (an vigè 1ye janvye 2026)

RESOUS YO

Pwosedi yo, gid sistèm yo, ak sipò siplemantè yo disponib pou ede alafwa FAA yo ak fanmi yo.

- Videyo fòmasyon sou sistèm MyChildCareMA ak manyèl itilizatè yo disponib pou FAA yo dirèkteman. FAA yo ta dwe kontakte Espesyalis aksè fanmi yo a si yo bezwen aksè oswa sipò.
- Tanpri vizite Sant CCFA EEC a pou règleman ki pi resan yo, politik pwovizwa yo, avi sou politik yo ak resous fòmasyon sou asistans finansye pou swen timoun yo
- Pou asistans avèk aplikasyon oswa entèpretasyon politik Asistans finansye pou swen timoun sa yo, tanpri kontakte EEC nan eecsubsidymanagement@mass.gov.
- Resous ak sipò pou aksè a dokiman yo nan MyMassGov disponib nan https://www.mass.gov/mymassgov-help-center
- Fanmi ki enterese nan aplike pou CCFA atravè MyChildCareMA ka aprann plis sou pwosesis la ak règleman pwogram yo nan : https://www.mass.gov/how-to/apply-for-funds-to-help-pay-for-child-care